



Pou Piblikasyon Imedya: 23/072020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON AK DEZINYASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvo nominasyon, ki te konfime pa Sena a, ak dezinyasyon nan administrasyon li an.

"Pandemi COVID la se te yon tès estrès sou gouvènman yo toupatou nan peyi a, men New York te montre kisa sa vle di pou gouvènman an travay pou moun l'ap sèvi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo ogmantasyon yo nan ekip nou an pote yon richès nan kad ekspètiz ak konesans ki pral inestimab pandan n'ap travay pou rekonstwi pi byen apre kriz COVID la epi kontinye reyalize kantite rekò odasye, pwogresif nou an pou moun Eta New York yo."

Gouvènè Cuomo te deziyen **Steven M. Cohen** e Sena a te konfime li antanke yon manm nan Kòporasyon Devlopman Iben (Urban Development Corporation) epi yo pral deziyen li kòm Prezidan, ak yon manm nan Komite Kontwòl Finansye (Financial Control Board) a. Anvan sa mesye Cohen te Konseye Jeneral ak Ofisye Administratif Egzekitif nan MacAndrews & Forbes Incorporated. Anvan sa, Mesye Cohen te sèvi kòm Sekretè Gouvènè New York la, Adrew M. Cuomo, anplis de sèvi kòm Konseye ak Direktè Kabinè nan Biwo Pwokirè Jeneral New York pou Pwokirè Jeneral Cuomo. Nan pratik prive, Mesye Cohen reprezante yon vas etalaj kòporasyon ak moun ki nan zafè komèsyal konplèks, kriminèl, ak zafè regilasyon. Li te sèvi avan sa kòm Responsab Inite Gang Vyolan yo nan Biwo Pwokirè Jeneral Etazini an pou Distri Sidès nan New York. Mesye Cohen te resevwa B.A. nan New York University ak J.D. li nan Lekòl Dwa Pennsylvania (Pennsylvania Law School). Li se yon manm nan Konsèy Administrasyon New York University a, nan Konsèy Administrasyon Lekòl Dwa University of Pennsylvania a, Konsèy Administrasyon Bank Leumi USA ak nan Konsèy Direksyon Whole Earth Brands. Li aktyèlman ap sèvi kòm yon Administratè New York nan Kòporasyon Devlopman Gateway (Gateway Development Corporation) epi li te deja sèvi kòm Vis Prezidan an nan port Authority of NY & NJ.

Se Gouvènè Cuomo ki te nomen **Howard Zemsky** epi Sena a te konfime li kòm Prezidan emerit nan Kòporasyon Devlopman Iben kote li pral kontinye gwo travay li nan devlopman ekonomik rejyon nò a. Mesye Zemsky te sèvi anvan sa kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development Corporation (ESDC) ak Komisè Depatman Devlopman Ekonomik (Department of Economic Development). Li te ko-prezide tou nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York pou kat ane

epi li te travay sere sou inisyativ Buffalo Billion Gouvènè a. Zemsky te resevwa diplòm lisans nan Michigan State University ak yon M.B.A nan University of Rochester.

Se Gouvènè Cuomo ki te nomen **Lola Brabham** epi Sena te konfime li kòm Komisè ak Prezidan Komisyon Sèvis Sivil (Civil Service Commission) Eta New York. Li aktyèlman sèvi kòm Komisè Enterimè nan Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil Service) Eta New York. Nan lane 2019, Gouvènè Cuomo te deziyen Madmwazèl Brabham kòm yon manm Komisyon Sèvis Sivil la (Civil Service Commission) epi li te nonme l prezidan Komisyon an. Avan sa, Madam Brabham te travay kòm Komisè pa Entèrim ak Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Sèvis Sivil la (Department of Civil Service). Avan sa, li te sèvi kòm Komisè Adjwen pou Administrasyon ak Direktè Finans Anchèf pou Depatman Travay Eta a (Department of Labor), epi li te Kontwolè Anchèf Adjwen Sèvis Bidjè pou Divizyon Bidjè Eta a (State Division of the Budget). Li te Sekretè Adjwen pou Sante, Medicaid ak Sipèvizyon ak Direktris Sèvis Imen nan Chanm Egzekitif la anba Gouvènè David Paterson. Li te yon analis Bidjè Lejislatif tou pou komite asanble a sou Fason ak sou Mwayen yo epi, byen bonè nan karyè li, li te Chèf Kabinè Manm Asanble N. Nick Perry. Madam Brabham gen de Lisans nan Jistis Kriminèl ak Sosyoloji nan State University of New York (SUNY) ak yon M.P.A. nan Rockefeller College of Public Affairs and Policy.

Yo te deziyen **Dr. Merryl Tisch** kòm Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY an. An 2019, Gouvènè Cuomo te deziyen doktè Tisch kòm Prezidan Konsèy Administrasyon an. Anvan sa, li te sèvi kòm Vis Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY depi mas 2018. Anvan sa, Doktè Tisch te yon manm nan Komite Rejan yo pandan 20 ane epi li te okipe pozisyon Vis Chanselye soti 2007 rive 2009. Antanke Rektris Konsèy Administrasyon Eskolè Eta New York la, Doktè Tisch te responsab pou tabli politik edikasyon eta a, epi sipèvize edikasyon piblik ansanm ak prive toupatou atravè New York. Li te enfòmè politik li yo apati plizyè ane eksperyans li genyen nan domèn edikasyon, sèvis kominotè, ak filantwopi, ki gen ladan eksperyans li kòm pwofesè klas premyè ane nan Ramaz School ak B'nai Jeshurun School nan Vil New York. Li resevwa yon diplòm Lisans nan Barnard College, yon Metriz nan Domèn Edikasyon nan New York University, epi li te resevwa yon Doktora nan Edikasyon nan Teacher's College, Columbia University.

Yo te deziyen **Camille Varlack** kòm Administratè Konsèy Administrasyon SUNY an. Madmwazèl Varlack kounye a se Ofisye Ekspwatasyon an Chèf ak Konseye Jeneral Adjwen nan Pierce Bainbridge Beck Price & Hecht LLP. Li te sèvi tou kòm Direktè Adjwen nan Operasyon Eta a pou Gouvènè Cuomo. An 2017, yo te nonmen li Ofisye Jesyon Risk ak Konseye Espesyal Eta New York. Madan Varlack te direktè adjwen etik, risk ak konfòmite nan Chanm Egzekitif la epi asistan jiridik prensipal nan Kou Siprèm Eta New York la (New York State Supreme Court). Li te Vis-Prezidan Adjwen ak Konseye Jiridik tou nan AXA Financial, Inc. epi Sibstiti Pwokirè pou Biwo Pwokirè Distrik Konte Kings lan (Kings County District Attorney's Office). Mesye Varlack resevwa yon B.A. nan State University of New York nan Buffalo ak yon J.D. nan Brooklyn Law School.

Yo te deziyen **James Haddon** kòm Administratè Konsèy Administrasyon SUNY an. Mesye Haddon kounye a se yon Direktè Jeneral nan Maketing Estratejik nan Ramirez Asset Management (RAM) (Ramirez Jesyon Byen) Li te rejwenn RAM nan mwa janvye 2015 e li te travay plis pase 36 ane nan jesyon byen ak nan biznis bank investisman. Nan RAM li se responsab maketing pwodwi ak sèvis RAM ki gen revni fiks nan fon pansyon yo, eta a ak gouvènman lokal yo ak kòporasyon yo. Anvan RAM, Mesye Haddon te travay pandan 5 ane nan PFM Asset Management (PFM Jesyon Byen) kote li te yon Direktè Jeneral responsab pou maketing Kont Nasyonal. Anvan PFM Asset Management, li te travay nan Citigroup divès wòl nan kolekte fon aktif ak nan bank investisman. Li te resevwa diplòm lisans nan syans ekonomik nan Wesleyan University ak yon MBA nan Stanford University.

Yo te deziyen **Marcos A. Crespo** kòm Administratè Konsèy Administrasyon SUNY an. Anvan sa, Mesye Crespo te yon manm nan Asanble Eta New York la - youn nan pi jèn manm nan lejislati eta New York lè li te premye eli an 2009 - ki reprezante 85th Asanble Distri a, ki gen ladan seleksyon Soundview, Clason Point, Longwood, ak Hunts Point nan South Bronx lan. Pandan ke li nan biwo a, Manm Asanble Crespo te sèvi nan plizyè komite, ki gen ladan Komite sou Abi Alkòl ak Dwòg; Vil; Enèji; Konsèvasyon Anviwònmanal; Asirans; ak Transpò. Li te yon manm nan Gwoup Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik ak Azyatik (Black, Puerto Rican, Hispanic & Asian Legislative Caucus), Prezidan Gwoup Travay Pòtoriken/Ispanik (Puerto Rican/Hispanic Task Force) lan, ak Ko-Prezidan Gwoup Travay Lejislatif la sou Rechèch demografik ak Re-afektasyon. Mesye Crespo gradye nan John Jay College of Criminal Justice, li marye e li gen de pitit fi.

Se Gouvènè Cuomo ki deziyen **William Thompson, Jr.** epi Sena konfime li kòm yon manm nan Komite Kontwòl Finansye a. Plizyè eksperyans Mesye Thompson nan jere finans yo avèk siksè nan youn nan pi gwo vil nan peyi a te ba li yon apèsi inik nan bezwen emetè minisipal lokalite yo. Kòm Kontwòlè, Mesye Thompson te sèvi tou kòm gadyen ak konseye investisman nan senk Fon Pansyon Vil New York yo, kote li te jere yon pòtfolyo ki konbine ki evalye a plis pase 100 milya dola nan fen manda li an. Nan wòl sa a, Mesye Thompson te envesti dè santèn de milyon dola nan lojman abòdab ak nan byen imobilye komèsyal nan Vil New York. Pandan manda li an, Mesye Thompson te travay tou ak lidè yo nan endistri sèvis finansye yo pou refòme operasyon yo nan New York Stock Exchange, ak li te dirije pwogram inovatè nan Distri Devlopman Bankè Vil la. Anvan li te travay kòm Kontrolè, li te sèvi kòm Prezidan Adjwen Minisipalite Brooklyn epi kòm yon Manm ak Prezidan Komisyon Konsèy Edikasyon (Board of Education) Vil New York pou senk manda. Mesye Thompson te sèvi tou kòm yon Vis Prezidan Prensipal nan Finans Piblik nan mitan ane 1990 yo. Mesye Thompson gradye nan Tufts University.

Se Gouvènè Cuomo ki deziyen **Sekretè Deta Rossana Rosado** epi Sena konfime li kòm yon manm nan Komite Kontwòl Finansye a. Sekretè Rosado pote yon eksperyans an pwofondè ak divèsite kòm Sekretè Deta New York. Gouvènè Cuomo te deziyen Sekretè Rosado nan pozisyon an nan dat 3 fevriye 2016 e Sena Eta New York te konfime li a linanimite nan dat 15 jen 2016. Lidèchip li te ede fè Depatman Deta vin

youn nan ajans ki pi dinamik nan gouvènman Eta a. Yo konnen Sekretè Rosado pi byen pou fason li reyisi manda li kòm Editè ak Direktris Egzekitif Jeneral nan El Diario La Prensa, kote li te pase 18 ane, ap sipèvize plis pase 22 milyon dola nan revni anyèl. Sekretè Rosado te sèvi tou nan konsèy Administrasyon Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) apati 2012 pou rive 2015. Sekretè Rosado te yon konferansye distenge nan John Jay College of Criminal Justice anvan li te rantre nan administrasyon Cuomo a, e li te yon manm nan Konsèy Administrasyon Fondasyon Kolèj la depi 2012. Yon natif New York, Sekretè Rosado te resevwa B.A. li n jounalis nan Pace University.

Se Gouvènè Cuomo ki deziyen **Kelly Cummings** epi Sena konfime li kòm yon manm nan Otorite Devlopman Rejyonal Olenmpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) epi yo pral deziyen li kòm Prezidan. Madmwazèl Cummings aktyèlman sèvi kòm Direktris Ekspwatasyon ak Enfrastrikti Eta New York. Anvan sa, li te sèvi kòm Konseye Prensipal ak Chèf Kabinè Adjwen pou Gouvènè Cuomo. Anvan li te travay nan administrasyon Gouvènè a, li te sèvi kòm Direktris Kominikasyon pou Majorite Sena a. Nan pozisyon sa a li te jere kominikasyon an jeneral ak laprès pou Konferans Majorite Sena a ak aji kòm pòtpawòl chèf pou Lidè Majorite Sena a. Nan plis pase 20 ane nan Kò Lejislatif Eta a, Madam Cummings te okipe yon seri pozisyon nan kominikasyon ak politik yo nan alafwa Sena a ak Asanble a. Anvan sa a, Madmwazèl Cummings te sèvi kòm direktris nan devlopman politik pou Minorite Sena a kote li te ede senatè yo ak anplwaye yo nan devlope, ekri ak pibliye nouvo inisyativ lejislatif yo. Anvan sa a, Madmwazèl Cummings te chèf kabinè pou Senatè Charles Fuschillo kote li te jere operasyon yo, li te devlope lejislasyon e li te jere laprès ak kominikasyon yo. Madmwazèl Cummings te travay tou kòm direktris kominikasyon ak direktris zafè piblik pou Minorite Asanble a apati 2002-2005. Li gen yon diplòm Lisans Atistik nan St. Lawrence University.

Se Gouvènè Cuomo ki deziyen **Senatè Betty Little** epi Sena konfime li kòm yon manm nan Otorite Devlopman Rejyonal Olenmpik. Aktyèlman, li ap sèvi nevyèm manda li kòm yon Senatè Eta New York ki reprezante rezidan yo nan 45 èm Distri Sena a, ki konpoze de Clinton, Essex, Franklin, Warren ak kèk pati nan Konte St. Lawrence ak nan Konte Washington yo. Anvan premye eleksyon ke li te genyen nan Sena Eta a an novanm 2002, Senatè Little te sèvi nan Asanble Eta New York pandan sèt ane. Yon ansyen pwofesè, Senatè Little kontan sèvi kòm manm komite Minorite nan Komite Edikasyon Sena (Senate's Education Committee) a. Li sèvi tou nan komite sa yo: Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi; Konsèvasyon Anviwònmanal; Finans; Sante; Lojman, Konstriksyon ak Devlopman Kominotè; Edikasyon Vil New York; ak Règ yo. Li te fèt nan Glens Falls, Senatè Little gradye nan Akademi St Mary (St. Mary's Academy) ak nan College of Saint Rose la ak yon lisans nan Edikasyon Elemantè. Yon ansyen pwofesè ak ajan imobilye, li abite nan Queensbury. Senatè Little se manman sis timoun, Elizabeth, David, Robert, Thomas, Carolyn ak Luke, ak yon grann ki fyè de dizwit pitit pitit.

Jeneral Brigad Michel A. Natali te monte Jeneral Divizyon Gad Nasyonal Lame New York. Anvan aktyèl afektasyon li an, li te sèvi kòm Kòmandan Jeneral 53èm

Kòmandman Twoup nan Gad Nasyonal New York. Jeneral Divizyon Natali te sèvi tou nan yon toune konba an Irak kòm Ofisye Adjwen Entelijans nan 42èm Divizyon Enfantri de 2004 a 2005. Li gradye nan Norwich University, li resevwa yon Metriz nan Administrasyon Piblik nan Marist College, e li te resevwa Metriz li nan Etid Estratejik nan U.S Army War College.

Tribinal Reklamasyon Eta New York

Gouvènè Cuomo te nomen moun sa yo epi Sena te konfime yo nan Tribinal Reklamasyon Eta New York yo:

- Veronica G. Hummel
- Hon. Charles M. Troia
- Hon. Adrian N. Armstrong
- Adam W. Silverman

Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (ORDA)

Se Gouvènè Cuomo ki te nomen moun sa yo tou epi Sena konfime li kòm yon manm nan Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik:

- Diane Munro
- Elinor Tatum
- Thomas Keegan

Konsèy Sante Minorite Eta New York

Gouvènè Cuomo te nomen moun sa yo epi Sena te konfime yo nan Konsèy Sante Minorite Eta New York:

- Ngozi Moses
- Guillermo Chacon
- LaRay Brown
- Tandra LaGrone
- Mecca (Santana) Mitchell
- Dr. Luis Freddy Molano
- Rev. Diann Holt
- Helen Arteaga Landaverde

Konsèy Konsiltasyon Sèvis Sante Konpòtmantal Eta New York

Gouvènè Cuomo te nomen moun sa yo epi Sena te konfime yo nan Konsèy Konsiltasyon Sèvis Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Services Advisory Council) Eta New York:

- Glenn Liebman

- Chacku Mathai
- Michael Orth
- Carlee Hulsizer
- Brianna Gower
- Debra Pantin
- Ian Shaffer
- Yiu Ng
- David Woodlock
- Kerry Whelan-Megley
- Patrick Seche
- Constance Wille
- Hilda Rosario Escher

Otorite Pon Eta New York

Gouvènè Cuomo te nomen moun sa yo epi Sena te konfime yo nan Otorite Pon Eta New York (New York State Bridge Authority) la:

- Lou Lanza
- Michael O'Brien
- Ilan Gibert
- Joan McDonald
- Alexander Berardi
- Maria Bruni
- Colin Jarvis

Otorite Transpò nan Niagara Frontier

Se Gouvènè Cuomo ki te nomen moun sa yo tou epi Sena konfime yo nan Otorite Transpò nan Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority):

- Jennifer Persico
- Rev. Mark Blue
- Stephen Tucker

Otorite Pon ak Pòtyè nan Ogdensburg

Gouvènè Cuomo te nomen moun sa yo epi Sena te konfime yo nan Otorite Pon ak Pòtyè nan Ogdensburg (Ogdensburg Bridge and Port Authority):

- Toni Kennedy
- Jennifer Quirk-Pickman
- Nicole Terminelli
- Megan Whitton
- Vernon "Sam" Burns

Komisyon Ayewopò Stewart

Se Gouvènè Cuomo ki te nomen moun sa yo tou epi Sena konfime yo nan Komisyon Ayewopò Stewart (Stewart Airport Commission) la:

- Roger Higgins

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)